# SIYREK HÁM JOQ BOLÍP KETIW QÁWPI ASTÍNDA TURǴAN HAYWANLAR TÚRLERIN HUQÍQÍY QORǴAW TARAWÍNDAǴÍ REFORMALAR

**R.A.Omirzakov**
doktorant, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

***Rezyume:*** *Bul maqalada siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan haywanlar túrleriniń zamanagóy ekologiyalıq nızamshılıqtı reformalaw obyekti retindegi áhmiyeti kórip shıǵıladı. Bul túrlerdiń házirgi jaǵdayı, olardı qorǵawda nızamshılıqtıń ornı, olardıń saqlap qalınıwın támiyinlew ushın reformalar zárúrligi uyreniledi. Ámeldegi izertlew usılları ádebiyatlardı kórip shıǵıw hám ámeldegi nızamshılıqtı analiz qılıwdı óz ishine aladı. Izertlew nátiyjeleri kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan túrlerdiń ayrıqsha mútajliklerin esapqa alǵan halda keń qamtılǵan nızamshılıqtıń zárúrligin aytıp ótedi. Dodalawlarda ámeldegi nızamshılıqta júzege kelgen máseleler úyrenilinip, olardı sheshiwdiń múmkin bolǵan jolları usınıs etiledi. Juwmaqlap aytqanda, maqalada siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan haywanlar túrlerin nátiyjeli qorǵaw ushın ekologiyalıq nızamshılıqtı reformalaw aktuallıǵı aytıp ótilgen.*

***Gilt sózler:*** *Siyrek túrler, joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan túrler, ekologiyalıq nızamshılıq, reforma, qorǵaw*

***Резюме:*** *В данной статье рассматривается значение редких и исчезающих видов животных как объекта реформирования современного природоохранного законодательства. Исследуется современное состояние этих видов, роль законодательства в их защите и необходимость реформы для обеспечения их выживания. Применяемые методы исследования включают обзор литературы и анализ существующего законодательства. Результаты исследования подчеркивают важность комплексного законодательства, учитывающего специфические потребности редких и исчезающих видов животных. В ходе обсуждения рассматриваются проблемы, с которыми сталкивается существующее законодательство, и предлагаются возможные решения. В заключение в статье подчеркивается актуальность реформирования природоохранного законодательства для эффективной защиты редких и исчезающих видов животных.*

***Ключевые слова:*** *редкие виды, исчезающие виды, природоохранное законодательство, реформа, охрана*

***Abstract:*** *This article examines the significance of rare and endangered animal species as an object of modern environmental legislation reform. It explores the current state of these species, the role of legislation in their protection, and the need for reform to ensure their survival. The research methods employed include literature review and analysis of existing legislation. The results highlight the importance of comprehensive legislation that addresses the specific needs of rare and endangered animal species. The discussion delves into the challenges faced by existing legislation and proposes potential solutions. In conclusion, this article emphasizes the urgency of reforming environmental legislation to effectively protect rare and endangered animal species.*

***Keywords:*** *rare species, endangered species, environmental legislation, reform, protection*

Siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan túrler ázelden dúnyada qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw nızamshılıǵınıń dıqqat orayında bolıp kelgen. Haywanlardıń siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan túrlerin saqlaw qıyınshılıqları XIX ásirdiń aqırında qánigeler ushın keskin boldı. Biraq, tek XX ásir ortalarınan baslap zárúr ekologiyalıq sharalardı kóriw qıstawlı máseleler qatarına kiritildi. Dúnya kóleminde de, ayırım mámleketlerde de kem ushraytuǵın túrlerdiń joq bolıp ketiwiniń aldın alıwdıń tiykarǵı maqsetlerinen biri olardı dizimge alıw hám fauna túrleri wákillerin inventarizatsiya qılıw esaplanadı.[1, 44-53.]

Biologiyalıq túr-túrlilik hám ekosistema baylanıslarınıń áhmiyeti haqqındaǵı túsinigimiz artıp baratırǵanlıǵı sebepli, bul túrlerdiń huqıqıy qorǵalıwın kúsheytiw zárúrshiligi barǵan sayın aktual bolıp barmaqta. Zamanagóy ekologiyalıq nızamlardı reformalaw bul bahasız janzatlardıń aman qalıwı hám saqlanıwın támiyinlew ushın júdá zárúrli bolıp tabıladı. Siyrek hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan haywan túrleriniń azayıwı, birinshi náwbette, olardıń jasaw orınlarınıń zıyanlanıwı, brakonerlik hám klimat ózgeriwi sıyaqlı insan iskerligi menen baylanıslı. Bul háreketler biologiyalıq túr-túrliliktiń sezilerli dárejede joq bolıp ketiwine hám ekosistemalardıń buzılıwına alıp keldi, bul bolsa planeta jáne onıń xalqı ushın kútá úlken aqıbetlerge alıp keliwi múmkin bolǵan maqshqalalardı keltirip shıǵardı. Bul mashqalalardı sheshiw zárúr ekenligin seze otırıp, dúnya mámleketleri siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan haywanlar túrlerin qorǵaw ushın ekologiyalıq nızamshılıqtı qabılladı. Bul túrlerge qáwipler rawajlanıwı menen olardı qorǵaytuǵın nızamlar da ózgeriwi kerek. Zamanagóy ekologiyalıq

nızamshılıqtı reformalaw jańa máselelerge iykemlesiw hám jáne de nátiyjeli qorǵaw ilajların támiyinlew ushın zárúr.

Búgingi kúnde Ózbekstannıń ulıwma biologiyalıq túr-túrliligi 27000 den artıq turdi quraydı.[1, 62 B.] Ózbekstan faunasıda omırtqalı haywanlardıń 706 túri ámeldegi, omırtqasız haywan túrleri bolsa 15 mıńnan aslam. Sońǵı on jıl dawamında tábiyaattan paydalanıwdıń kusheyiwi aqıbetinde, olardıń jasaw orınları hám sanı qısqardı, ayrımları bolsa pútkilley joq bolıp ketti. Qáwipsizlikke mútáj hám joǵalıp baratırǵan haywan túrlerinen Ózbekstannıń Qızıl kitabına kishi túrler menen birgelikte sútemiziwshilerdiń 30, quslardıń 52 túri, jer bawırlawshılardıń 21 túri, balıqlardıń 18 túri, saqıyna tárizli jawın qurtlarınıń 3 túri, mollyuskalarıń 15 túri hám buwın ayaqlılardıń 67 túri kiritilgen. Ekologiyalıq teń salmaqlılıq hám biologiyalıq túr-túrlilikti saqlawda siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan haywanlar túrleri zárúr ról oynaydı. Biraq, insan iskerligi nátiyjesinde olardıń populyaciyası tez azayıwı zárúrli sháralar kóriwdi talap etedi. Qorshaǵan-ortalıqtı qorǵawǵa baylanıslı nızamshılıq bul túrlerdi qorǵawdıń zárúrli quralı bolıp tabıladı.

Házirgi waqıtta siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan haywanlar túrleri úlken ekonomikalıq áhmiyetke iye. Zamanagóy biotexnologiyalar kiyim-kenshek hám azıq-awqat sanaatı, farmacevtika sanaatı rawajlanıwına tásir kórsetetuǵın haywan shıǵındıları, kletkalar hám toqımalardan paydalanıw imkaniyatın beredi. Biraq, bul ekonomikalıq máptiń bar ekenligi haywanlar dúnyası teń salmaqlılıǵın saqlaw ushın jańa qáwiplerdi keltirip shıǵaradı, usınıń menen birge kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan haywanlar sanın kóbeytedi. Bul jaǵday kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan haywanlardı qorǵawdı nızamshılıq dárejesinde huqıqıy tártipke salıw zárúr ekenligin tastıyıqlaydı[3, 143-146.]. Kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında bolǵan haywan túrleri bul sanı sonsheli azayǵan haywan túrleri bolıp, egerde olardı qorǵawdıń sharaları kórilmese olardıń pútkilley joq bolıp ketiw qáwpi bar haywan túrleri esaplanadı. Kem ushraytuǵın hám joǵalıp baratırǵan haywanlar túrlerin saqlaw hám kóbeytiw maqsetinde hár bir mámleket olardı qorǵawǵa qaratılǵan arnawlı nızamlar qabıl etedi.

Joqarıdaǵılardı inabatqa alǵan halda, hár bir mámleket haywan túrleriniń, sonday-aq joq bolıp ketiw aldında turǵan haywanlardı saqlap qalıw, olardı huqıqıy qorǵawdıń nátiyjeli mexanizmlerin, haywanat dúnyasın qorǵaw hám odan paydalanıw salasında mámleket basqarıwı sistemasın qáliplestiriwi

zárúr ekologiyalıq nızamshılıqtı ámelge asırıwdıń eń shólkemlestirilgen mexanizmi esaplanadı [4, 34 c.]

Jabayı tábiyattı qorǵaw haqqındaǵı nızamshılıq máselesin tolıq túsiniw ushın biz aldı menen baylanıslı qaǵıydalardı jaqsılap túsiniwimiz kerek. Haywanat dúnyası menen baylanıslı nızamshılıqtı túsiniwdi baslaǵanda, Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qaǵıydaların, atap aytqanda, 49-statyasın eske alıw kerek. Oǵan bola “Hár kim qolay qorshaǵan-ortalıqqa, onıń jaǵdayı haqqında isenimli málimlemege iye bolıw huqına iye.” Sonıń menen birge 68-statyaǵa tiykar: “Jer, jer astı baylıqları, suw, ósimlik hám haywanat dúnyası hámde basqa tábiyiy resurslar ulıwma milliy baylıqlar bolıp esaplanadı, olardan aqılǵa uǵras paydalanıw zárúr hám olar mámleket qorǵawında.” Konstituciyanıń 62-statyasında: “Puqaralar qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa abaylılıq penen munasábette bolıwǵa májbúr.” - dep aytıp ótilgen. [5] Konstituciyanıń bul statyalar kontekstinde tábiyattı qorǵaw, zıyanlı aqıbetlerge alıp keliwiniń aldın alıw zárúr ekenligin ańlatadı.

Ózbekstan Respublikasınıń 19-sentyabr 2016-jıldaǵı 408-sanlı Nızamı menen qabıl etilgen jańa redakciyadaǵı “Haywanat dúnyasın qorǵaw hám onnan paydalanıw haqqında”ǵı[6] nızamnıń 17-statyasında “Siyrek ushırasatuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan jabayı haywan túrleri Ózbekstan Respublikası Qızıl kitabına kiritiledi. Siyrek ushırasatuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan jabayı haywanlardıń túrleri joq bolıwına bolıwına, sanı azayıp ketiwine yamasa jasaw ortalıǵı buzılıwına alıp keliwi múmkin bolǵan háreketlerge (háreketsizlikke) jol qoyılmaydı.” dep belgilengen. Sonıń menen birge, “Tábiyiy sharayatlarda qayta tiklew hám de tákirar kóbeytiw múmkinshiligi bolmaǵan siyrek ushırasatuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan jabayı haywan túrlerin saqlap qalıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Ekologiya hám qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti hám de Ózbekstan Respublikası Toǵay xojalıǵı mámleketlik komiteti bul túrdegi haywanlardıń kóbeyiwi ushın zárúr shárt-shárayatlar jaratıw boyınsha ilajlar kóriwi shárt.” ekenligi nızamnıń 18-statyasında belgilengen.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń 1997-jıl 25-apreldegi 433-I-sanlı “Joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan jabayı haywanlar hám ósimlikler túrleri menen xalıq aralıq sawda etiw haqqındaǵı Konvensiyaǵa qosılıw haqqında”gi qararı[7] menen konvenciyanıń ratifikatsiya etiliwi mámleket aymaǵında ámeldegi bolǵan biologiyalıq túr-túrlilikti saqlawǵa qaratılǵan Ózbekstannıń sonıń menen birge Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ekologiyalıq siyasatınıń

ústin turatuǵın baǵdarların belgilewde tiykarǵı ról oynadı. Bunday jónelisti ámelge asırıw ushın Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 30-oktyabrdegi PF-5863-san Pármanı[8] menen “2030-jılǵa shekem bolǵan dáwirde Ózbekstan Respublikasınıń Qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw” konsepciyasi tastıyıqlanǵan hám ámelge asırılıp atır, bul hújjette haywanlar dúnyasınıń túrler hár qıylılıǵın hám kem ushraytuǵın haywanlar túrleriniń populyaciyasınıń azayıwı qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw máselelerinen biri retinde belgilep qoyılǵan.

Bul izertlew nátiyjeleri dúnya boylap kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan haywanlar túrleri sanınıń qáweterli dárejede azayıp baratırǵanınan derek beredi. Talqılaw haywanlardıń kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan túrlerin qorǵawda ámeldegi ekologiyalıq nızamshılıq dus keletuǵın máseleler átirapında boldı. Tiykarǵı máselelerden biri - bul túrlerdiń ayrıqsha mútajliklerin esapqa alatuǵın arnawlı qaǵıydalardıń joq ekenligi. Bunnan tısqarı, nızamshılıq kóbinese resurslardıń jetispewshiligi hám hálsiz jazalar sebepli atqarılmaydı. Sonıń menen birge, bul túrlerdiń saqlanıwın támiyinlew ushın xalıq aralıq sheriklik hám birge islesiw zárúr ekenligin aytıp ótedi.

Bul mashqalalardı sheshiw ushın bir neshe potencial sheshimler usınıs etiledi. ***Birinshiden***, nızamshılıq kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan túrler ushın qawipsiz ortalıqtı támiyinlew ushın jasaw orınların saqlaw hám qayta tiklewge itibar qaratıwı kerek. ***Ekinshiden***, brakonerlik hám siyrek hawyanlar dan alınatuǵın ónim túrleri sawdası sıyaqlı nızamǵa qarsı is-háreketlerge shek qoyıw ushın awırlaw jaza ilajları hám atqarıw mexanizmlerin engiziw zárúr. ***Úshinshiden***, tábiyaattı qorǵaw boyınsha háreketlerdi xoshametlew hám bul túrlerdi qorǵaw ushın juwapkershilik sezimin rawajlandırıw ushın jámiyetshilikti xabardar qılıw hám tálim programmaların ámelge asırıw kerek.

Juwmaqlap aytqanda, kem ushraytuǵın hám joq bolıp ketiw qáwipi astında turǵan túrlerdi asıraw arqalı biz tek ǵana tábiyat áleminiń gózzallıǵı hám káramatın saqlap qalamastan, bálki ózimiz hám perzentlerimizdiń saw hám párawan keleshegin de támiyinleymiz. Biz bul zárúrli túrlerdi hám olar menen baylanıslı bolǵan ekosistemalardı qorǵaw ushın házir háreket etiwimiz kerek. Sonlıqtan, zamanagóy ekologiyalıq nızamshılıqtı reformalaw siyrek hám joq bolıp ketiw qáwpi astında turǵan haywanlar túrlerin qorǵaw hám saqlawda zárúrli áhmiyetke iye. Hár tárepleme hám nátiyjeli nızamshılıq

bazasın turmısqa engiziw arqalı biz bul zárúrli túrlerdi qorǵaw hám keleshek áwladlar ushın saqlanıp qalıwın támiyinley alamız.

**Reference/Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**


1. Хорьков В.Н., Курилех Ю.С. Новое законодательство об ответственном обращении с животными // Современное право. – 2019. – №9. – С. 44-53.

2. Omirzaqov, R. (2022). PROTECTION OF FLORA AND SUSTAINABLE DEVELOPMENT. *Science and Innovation*, *1*(2), 65-67.

3. Яблокова О.С. (2021). ПРАВОВАЯ ОХРАНА РЕДКИХ И ИСЧЕЗАЮЩИХ ВИДОВ ЖИВОТНЫХ. Молодой исследователь Дона, (6 (33)), 143-146.

4. Чашкин П.В. Правовая охрана редких и исчезающих видов животных: автореф. дис. ... канд. юрид. наук. М., 2007. 34 с.

5. O'zbekiston Respublikasi Konstituciyasi // URL:https://lex.uz/docs/-6445145#-6445187

6. O'zbekiston Respublikasining ""Hayvonot dunyosini muhofaza qilish va undan foydalanish to'g'risida"gi O'zbekiston Respublikasi qonuniga o'zgartish va qo'shimchalar kiritish haqida"gi Qonuni, 19.09.2016 yildagi O'RQ-408-son // URL: https://lex.uz/docs/-3029502

7. O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Qarori, 25.04.1997 yildagi 433-I-son // URL: https://lex.uz/ru/docs/-1197952

8. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 30.10.2019 yildagi PF-5863-son // URL: https://lex.uz/ru/docs/-4574008